

PAEH KAPAKSA

K. SOEKARNA.



III



PAEH KAPAKSA..III

(Djilid ka tilu)

Karangan
K. Soekarna.

„SAPUTRA” BANDUNG.

1969

Buku² nu parantos medal:

1. Paeh Kapaksa 1—2 Kening K. Soekarna.
masih hantjaeun.

2. Akibat Mundjung 1—8 Kening K. Soekarna.
masih hantjaeun.

3. Kadujung Ku Babu 1—2 Kening K. Soekarna.
masih hantjaeun.

Mangga bae ngagaleuh di toko² buku nu pangtja.
ketna.

GAMBAR KULIT

SUH

Hudjan leutik ngaririntjik siga raat tapi gede, lamun djongdjon diluar mah sarta ngahudjankeun maneh, kana tangtu djalibregna lantaran leutik ge kerep, atuh tangtu usum kitu kaajaan sepi djempling taja sora nu kadenge, kadjaba ti tjikaratjak anu tjlukjolak ninggang batu.

Atuh henteu matak heran eukeur mah harita sepi, katambah aja soara nu ngagero tarik pisan, ru sakali njebut aduh kawas anu ditandasa, ari nu sakali deui ngagorowok njebut tulung tarikna kaliwat saking, malah sora nu ngagero kadengeeun ku Neng Lina anu harita keur ebog, malah djuragan Wibawa sarua pada ngadenge.

„Linaaa! Falebah mana tah nu ngagorowok menta tulung teh?” Tjeuk djuragan Wibawa bari ngoredjat hudang.

„Di bumina Den Hikmat Apa.” Djawab Lina bari koredjat deuih hudang sarta terus kaluar ti kamarna, malah bareng pisan deuih ibu ramana oge kaluar ti djero

kamarna, atuh prok patepung di tengah imah.

„Saha kira2na Apa anu bieu ngagorowok teh?” Tjeuk Neng Lina mani putjet sok sieun den Hikmat pada nandasa.

„Ah moal salah ti den Hikmat meureun, haju urang sampeurkeun! Tjing bedjaan heula tah Rohendi di kamar hareup, naha djempe bae manehna teh? Wajah kieu geus sare?” Tjeuk Djuragan Wibawa njangka sare ka Rohendi.

„Mangga Apa.” Djawab neng Lina bari terus manehna ka kamar tamu sarta ngagedoran panto kamar anu dieusian ku Asep Rohendi tea.

„Kang Rohendi! Geura gugah Kang! Aja nu tulung tulungan bieu di bumina Den Hikmat.....” Tjeuk Neng Lina bari haben ngagedoran eta panto, tapi ari mukakeun mah teu wanieun sanadjan di imahna oge, sok sieun disebutkeun kurang sopan.

„Teu hudang bae Rohendi teh Lina?” Tjeuk djuragan Wibawa bari njorot panto kamar anu ditempatan ku Asep Rohendi.

„Sumuhun Pa..... Naha nja?” Djawab Neng Lina bari muringis kawas nu sieun.

„Tjingan urang buka.” Tjeuk djuragan Wibawa bari keletrek selot pantona dibuka sarta pantona ditadjong, atuh braj eta panto teh muka, braj braj djero kamar disorotan ku batre, sabab listrikna pareum, malah ka kolong randjang oge dibatrean ku djuragan Wibawa teh, tapi kanjataanana Asep Rohendi teu aja.

„Tah pantes ari geus kieu teh jeuh Kamana si Rohendi teh luas leos wajah kieu tanpa permisi ka pribumi? Teu bener tah kalakuan teh sarua djeung ngahinakeun ka Apa nja Lina? Keun urang papatahan lamun engke enggeus datang.” Tjeuk djuragan Wibawa bari lurat leret ka kulawargana.

„Leres Pa..... Kawas pendjahat bae kang Rohendi mah, ari tadi asup ka kamar ari ajeuna bet henteu aja di kamar..... Hemh dasar kang Rohendi” Djawab Lina bari djebi kawas ngewaeun.

„Bu..... Ibu didieu bae sareng si Asdi, Apa djeung Lina rek maluruh heula bisi Den Hikmat tjilaka.” Tjeuk djuragan Wibawa bari neutep ka istrina.

„Mangga Apa Enggal atuh watir bilih kumaha onam, sareng kamana atuh Rohendi teh ngahariwangkeun nja?” Djawab ibuna bari ngahuleng.

„Haju Lina kaluar, keun antep anu euweuh mah.” Tjeuk djuragan Wibawa bari terus kaluar dibarengan ku Neng Lina, sanggeus araja diluar kakara ditariung ku djas hudjan, lantaran djas hudjanna ngan hidji kapaksa bae dipakena ku duaan.

Braj braj braj djuragan Wibawa njorot²keun batrena atuh tjaangna batre teh nembus kana tji hudjan anu muruhmuju, sarta terus saluruh pakarangan imah anu dieusia ku den Hikmat teh disorotan ku eta batre, barang braj njorotna ka lebah pipir gebeg djuragan Wibawa ngaren-djag, malah leumpangna oge eureun heula, sarta pok an-

djeunna sasauran ka putrana.

„Lina Den Hikmat geuning keur njanghareupan anu ngagoler?” Tjeuk Djuragan Wibawa bari melong ka Den Hikmat sarta njorotkeun batrena, geus kitu terus andjeunna njampeurkeun, sanggeus tepi pok djuragan Wibawa teh naros kieu.

„Kunaon ieu teh den?” Tjenah.

„Nu mawi Pa Abdi teh diganggu bae ku djurig, tos listrik tea pareum, tos anu ngetrokan medja bae, malah aja anu niup bengin sagala rupa, anu panganggeusanana aja anu ngetrokan djandela kamar sarta aja nu njarita, enggal bae listrik ana dilebet kamar teh ku abdi dipareuman, sarta abdi ngabantun batie anu ti Apa tea, terus ngarandang ngarah teu katingalieun, anu dimaksud ku abdi teh bade kaluar hajang ningali tiluar.

Barang abdi tos diluar sarta teras ningal ka pipir, breh didieu aja nu noong kana djandela, sarta njingsieunan ka abdi, atuh teg abdi gaduh raos jen anu nanda-sa ka abdi tadi teh djalma eta, nu mawi teras kae dibongohan, sarta djebrodo ku abdi diteunggeul ku batre ieu Dugi ka penjon tah geuning bapa, sarta manehna ngalondjor.” Tjeuk den Hikmat bari nembongkeun batrena anu geus penjon, sarta ngareret ka anu ngadjolor sarta beungeutna katuruban ku djas hudjanna anu sarwa hideung.

„Saha manehna teh Den?” Tjeuk djuragan Wibawa bari njorotkeun batrena.

„Duka teu atjan katingal pa, margi poek
Tjobi bae batrean.” Djawab den Hikmat bari njingkah-
keun djas hudjanna anu nuruban eta beungeut.

„Rohendiiii?” Tjeuk djuragan Wibawa bari olohok
teu njangka satungtung buuk.

„Sumuhan pun Rohendi geuning nja Pa Na-
naonan atuh manehna aja didieu teh?” Tjeuk den Hik-
mat api² henteu njaho padahal manehna oge njahoeun
jen eta teh si Rohendi tadi enggeus katingali.

„Ah kasebelan jeuh djelema teh Tjing punten
pangku kalebet bumi Den!” Tjeuk djuragan Wibawa ma-
ni ketjut bakat ku ambek.

„Mangga Pa ” Djawab den Hikmat bari song nga-
wiatkeun batrena ka Neng Lina sarta pok njarios kieu.
„Lina, wiat batre.” Tjenah, bari mikeun batre teh diba-
rengan ku njekel ramo Neng Lina, atuh neng Lina teh
mesem kawas anu suka pisan, sarta manehna ngadjawab.

„Mangga engkang.” Tjenah, sarta gap njekelan ba-
tre anu bieu diasongkeun.

Teu tata pasini deui regejeng Asep Rohendi ku den
Hikmat teh dipanggul, sarta nuturkeun Neng Lina anu
leumpang djeung ramana, sup andjeunna teh ka imah
gek tjaralik dina korsi, geus kitu sup deuih asup den
Hikmat manggul Rohendi, gebru Rohendi ditunda sina
diuk dina korsi, ari bru ari kulabek sabab masih kapae-
han.

„Rohendi! Jeuh Rohendi!” Tjeuk Djuragan Wibawa

tari kaplok² Asep Rohendi ditjabok bari djeung digeuweung geuweung.

Kulantaran digugudjeg djeung teuingetna geus lila, kulisik Asep Rohendi harita manehna inget, sarta braj panonna beunta ret ngareret kanu tjalik, atuh manehna ngagebeg tina bakating ku reuwas, sabab eta nu tjalik teh horeng djuragan Wibawa.

„Inget andjeun ajeuna teh Rohendi?” Tjeuk djuragan Wibawa mani njongot.

„E emut pa.” Djawab Asep Rohendi dumareuda.

„Geus euweuh anu karasa njeri awak teh?” Tjeuk djuragan Wibawa njentak deui.

„Masih keneh lalieur Pa..... Karaosna titingalan kararoneng.” Djawab Asep Rohendi tjipanonna ngararuntjlang kawas anu arek tjeurik.

„Lina..... Tjing menta tjai atah, lamun aja mah tjai haneut.” Tjeuk djuragan Wibawa bari ngareret ka putrana.

„Sieun ka dapur didieu mah Apa.” Djawab Neng Lina bari ngareret ka den Hikmat.

„Mangga dianteur ku engkang Lina.” Tjeuk Den Hikmat bari djung miheulaan nangtung, sarta ngareret ka Neng Lina, atuh gelenju neng Lina imut sarta terus njebut mangga bari djung manehna nangtung.

„Lina entong lalila nja? Tjukup samenit oge njokot tjai mah.” Tjeuk Asep Rohendi semu tjuriga sieun Lina silih tjiun waktu araja di dapur.

„Na mani kudu samenit kang Rohendi?” Djawab Lina teu ngeunaheun.

„Ieu jeuh tarang njanjautan deudeuleuan kararoneng nu matak kudu buru2 nurutan pembantu dokter.” Djawab Asep Rohendi ngabalengbarkeun tudjuanana sieun disebut boga sangka anu goreng.

„Euh kitu.” Djawab Lina bari terus ka tukang barengan djeung den Hikmat.

Neng Lina terus kadapur manehna patjekel tjekel lantaran rada borangan ari di eta imah mah, sabab enggeus loba bukti di dapur teh loba djurig, nu matak teu daek djauh silih tjekel silih pentjet siga anu suka pisan, malah njokot tjaina ge tibatan sareng gantjang mah kalahka beuki leleda.

Asep Rohendi tjamerut henteu lemek henteu njarek hatena njolok ka Lina, ngan henteu bisa kumaha lantaran aja bapana, djeung anu nitah ka dapur kaparengan bet bapana, nu matak manehna keuheul hatena mah teu panudju tjurigaean ka den Hikmat katambah lalila pisan matak keuheul matak ambek.

„Aduuuuhh! Ej getek Ah!” Tjeuk Neng Lina ngagorowok tarik pisan.

Ngadenge nu njebut aduh sarta njebutkeun ej getek katambah tetela pisan sorana sora Neng Lina, Asep Rohendi teh panas djung manehna arek tjengkat, tapi karek ge ngoredjat pluk ku djurangan Wibawa taktak Rohendi ditepak, kawas henteu meunang tjengkat, atuh ka-

paksa manehna diuk deui djeung ngeleper tina bakating ku panas.

Ari nu njebutkeun aduh harita teh eukeur nangkeup, lantaran manehna reuwas sabab aja anu luntjat mener asup kana bitis, getekna kaliwat saking nu matak bieu ngagoak, sarta ngarontok den Hikmat, atuh nu dirontok peler njakitu deui neng Lina njuuh bae kana dada, ngambekanana neng Lina ku den Hikmat karaoseun.

„Aja naon Lina?” Djawab den Hikmat ngaharewos ditompokeun kana tjepilna Neng Lina, atuh henteu matak heran lamun rambutna Neng Lina ngusap pangambung den Hikmat.

„Aja nu lebet kana sindjang palebah bitis abdi engkang.” Djawab Neng Lina bari terus tanggah lalaunan, atuh rambut andjeunna teh ngageleser matak nimat kana pipina den Hikmat, ari dina njariosna sarua teu daek tarik.

„Tjobi engkang ningalan Lina Mana bitis anu bieu kadupak kunu asup teh?” Tjeuk Den Hikmat bari dongko, sarta njaritana laun sangkan u'ah kadangueun ku ramana nu dipajun.

„Tah anu katuhu engkang Tjing punten pangusapankeun margi karaos keneh geunjal.” Tjeuk Neng Lina bari ngangkat sampeanana anu katuhu, sarta manehna dongko ari pananganana anu kentja njekelan pago.

Gantjang den Hikmat tjingogo sarta gep bitis neng Lina anu sabeu'ah katuhu, ku andjeunna diusapan duanana mani peureum, anu dongko siga poho kanu ngantoto-

san tjai mah, njakitu deui den Hikmat kalah djongdjon semu pogot ngusapan bitis nu geulis, tepi ka henteu njahoeun aja beurit dina pago nu sieuneun hajang bidjil lantaran pada pareureum, atuh eta beurit luntjat mener ngabadug pinareup gero neng Lina ngagoak.

„Aduh ngegel susu!” Tjeuk Neng Lina salah ngomong, kuduna kadupak susu ari ieu ngegel susu.

Ngadenge nu ngagorōwok njebutkeun digegel susu, gebeg Rohendi ngarandjug beungeutna tepi ka beureum, sarta manehna ngoredjat maksudna mah rek njampeurkeun, tapi kaburu ditepak palebah taktakna pisan, mere tanda ulah nangtung komo deui djeung leumpang mah.

„Montong tjengkat Rohendi! Komo deui djeung udar ador katukang mah Lain lalieur keneh andjeun teh?” Tjeuk djuragan Wibawa bari djamotrot baeud kawas anu ngewa pisan.

Gek Rohendi diuk deui da puguh bieu ditepak, nap-suna mah ngagugudug tina bakating ku ambek, lantaran ngarasa panas sarta enggevs goreng sangka, boa² Neng Lina teh ku si Hikmat keur digalej, aja tjukang komo meuntas, eukeur mah manehna hajang duaan sareng neng Lina, ari ieu ku bapana hajoh dititah ka dapur, numatak pantes rek atoh meureun pada makmak mekmek ngaladjur napsu asmara.

Ari anu disangkana harita eukeur arimut, sarta bari silih teuteup silih pelong semu geugeut, lantaran manehna njaho anu bieu ngaganggu teh lain djin sareng silu-

man, tapi beurit nu tjunihin da nere'eng kana bongbak.
„Lina beurit geuning” Tjeuk den Hikmat bari imut.

„Sumuhun engkang.” Djawab Lina kaisinan wireh garawak gorowok.

„Pinter ari beurit Bet miheulaan engkang nja Lina, njagap bitis sesa beurit engkang mah, komo deui ari njagap pinareup mah henteu wantun Emh hirup teh eleh ku beurit.” Tjeuk den Hikmat bari mesem.

„Sawios engkang da kahalangan ku kutang sareng atjuknaKeun sabar bae sugan kapajun aja milik sareng nja kaaang. naon anu ditjarioskeun ku engkang bieu teh kalaksanakeun.” Djawab neng Lina mere hate meureun.

„Leres kitu mudah mudahan bae Lina, eta ketjap teh sing kaparengkeun.” Tjeuk den Hikmat bari terus ngawadahan tjai kana baskom, tjai atah bae lantaran tjai haneut mah teu aja.

Sanggeus ngawadahan tjai maranehna kaharareup, bari mawa eta tjai, sok ditunda dina medja hareupeunana Rohendi, geus nunda eta tjai mah gantjang djurangan Wibawa menta elap ka den Hikmat, atuh gantjang den Hikmat teh harita ngabantun elap sarta enggal dipasihkeun.

„Lina Elapan tah beungeutna Rohendi anu kotor tapak getih teh, bisi djadi inpeksi lamun teu buru² d beresihan ajeuna mah.” Tjeuk djurangan Wibawa bari

ngasongkeun elapna ka Neng Lina.

„Mangga Apa?” Djawab Lina henteu mungpang kana parentah bapana, atuh Rohendi bungangang ngadenge eta ketjap teh, hatena atoheun pisan kakara saumur hirup, harita bakal gumbira males mapanas si Hikmat, anu geus digulanggaper waktu si Hikmat tjilaka, ajeuna tinggal manehna disusutan kunu geulis bari mikir rek ogoan api² njeri pisan make djeung muntangan taktak, ngarah peler djeung sugema.

Barang djung neng Lina tjengkat sarta rek ngantjlo^m. keun lamak kana tjai dina baskom, Rohendi mani degdegan hajangeun geura ditjekel, tapi barang rek tjlom pisan elap antjlo^m kana baskom, ku djuragan Wibawa teh harita ditjarek heula.

„Ke heula sabar Lina Teu meunang djangdji tjai bae atuh, sabab pajah tah Rohendi teh kateunggeulna, ke urang djampean heula ku Apa, ngarah ngusap sakali terus tjageur moal dua tilu kali ngubaran, asal sing lila djeung sing beresih bae njusutanana nja? Ke urang djampean heula.” Tjeuk ramana bari peureum, atuh Neng Lina teu tulus gek manehna diuk deui sarta neutep ka ramana, anu harita ngadoa da lambejna kunjam kunjem.

Asep Rohendi bungangang ngadenge ketjap kitu teh kudu sing lila ngumbahna djeung kudu beresih pisan teu meunang aja kotoran, atuh hatena geus ratug tugteg manitutunggulan, hajang geura prak dielap piraku teu peureum beunta, hajang peler djeung njangkere sanadjan te-

pi ka sare, kitu pikiran Rohendi nu teu kedal djero hate.

Atuh tilu djelema teh atawa genep panonna neuteup ka anu ngadoa, kunjam kunjem bari peureum, semu anu husu pisan, atuh sadajana djempling teu aja anu njarita, gawena nareuteup bae kawas nu hajangeun njaho, kalimah pikeun ngubaran anu sakitu lilana naha kalimah kumaha, sareng naon disebutna aja lila lila teuing.

Asep Rohendi djamedud lantaran manehna kesel teu kuat hajang geura prak, ari anu ngadoana kalah djongdjong bae peureum, sarta terus ngagerenjem kawas nu ngimpi ngalindur, atuh Rohendi ambekeun kapaksa manehna nanja.

„Apa! Ngadoa naon lila² teuing? Atuh abdi kaburu paeu manten keh? Untung bae sakieu mah kuat nahanna lamun teu kuat mah..... heeehhh hcheh!” Tjeuk Asep Rohendi mani njengir henteu kuat nahan sabar hajang geura dipundajan kunu geulis nu geus siap. Njakitu anu ngadoa barang bieu ditanja teh braj andjeunna oge beunta sarta molotot djeung ngambek.

„Rohendi! Maneh rek ngahina ka kuring hah? Njaho atawa henteu jen eta adjian anu dibatja ku kuring teh adjian pametjatan kanjeri? Hemh dasar budak belegug! Tanjakeun ka bapa maneh, waktu baheula tapa maneh kalenger sukuna bubuk ku adjian ieu tepi ka tulangna kumpul deui teh! Ngarti atawa henteu hah? Djadi kapaksa kudu dibalikan deui siah..... Kakara oge rek tamat bieu teh make diganggu.” Tjeuk djuragan Wibawa bari

terus ngadoa deui sarta peureum malikan deui nu tadi.

Asep Rohendi teu nembal gawena djamedud bae, lantaran eusi hatena lain perlu diubaran, tapi perlu dipundajan ku anu geulis reng Lina, ari ieu bet lalila teu ari balas ngadoa, tapi teu bisa kumaha da bapara nu kawasa, atuh lila² oge kapaksa ditunggu bae bari djebeng ngadjebian sabab nu ngadoa peureum.

Braj djurangan Wibawa teh harita geus beunta deui djeung ngareret ka Rohendi, atuh Rohendi bungageun atjan prak diubaran ge manehna enggeus marahmaj, boga fasa bakal bagdja dipundajan kunu geulis bari disusutan beungeut, emh tada teuing genahna mun napasna Neng Lina teh karasa kana beungeutna, piraku teu peureum beunta, siki panon lihideungna piraku henteu tibalik djadi katingali bodas, kitu pikiran Rohendi tina bakating ku bogoh ngalamun nu lain².

„Lina Geura beresihan atuh raheutna Rohendi teh, sing beresih anaking, kadjeun teuing lila asal rata, tibatan gantjang ari pintjang mah lapur bisi teu tjageur, lamun teu tjageur djampe Apa nu teu matih engkena teh, padahal anu meresihana teu eutjreug.” Tjeuk ramana bari imut ngagelenju.

„Mangga Apa.” Djawab Lina bari ngareret ka den Hikmat.djung manehna nangtung arek meresihan raheut dina sirahna Rohendi.

„Lina sing lila nja ngarah beresih.” Tjeuk Asep Rohendi bari ngalimba api² karasa njeri deui da katjiri nga-

goledag kana korsi sarta ngalehek, padahal ngarah di-
sangka pajah, sarta lila digulangperna.

Barang neng Lina arek gap njangkeh beuheungna
Rohendi, gantjang djuragan Wibawa harita njarita deui
bari ngatjungkeun leungeunna.

„Lina,..... Pajah sigana mah Asep Rohendi teh ma-
ni ngagoledag kitu geuning? Tjitjing Lina! Bahaja jeuh
..... Kudu ku apa ieu mah dielapanana oge bari diba-
rengan ku djampe pamake, kadieukeun elapna Lina!”
Tjeuk djuragan Wibawa bari menta elapna ka Neng
Lina, atuh song ku Neng Lina diasongkeun.

Ngadenge ketjap kitu teh Rohendi mani ngarandjug
atuh manehna ngoredjat neutep ramana Neng Lina,
sarta pok njarita kieu.

„Bade ku apa abdi teh diurusna atawa ku Neng Li-
na?” Tjeuk Rohendi mani mureleng bakat ku ambek ka-
hajangna karobah teh.

„Lain pajah bieu maneh teh Rohendi? Lamun pajah
kudu ku apa, tapi lamun teu pajah mah ku Neng Lina
oge tjukup.” Tjeuk djuragan Wibawa bari melong ka
Rohendi.

„Teu pati pajah, abdi mah Pa njedek ka tjageur.”
Djawab Asep Rohendi bari ngeleper rada ambekeun.


„Euh djadi geus rada tjageur Lamun kitu mah
antep bae Lina sina ku sorangan haju ah urang baralik!”
Tjeuk Djuragan Wibawa bari djung nangtung, sarta ret
ngareret ka Den Hikmat pok neruskeun omonganana.

„Permios Den, kadieu soteh rek ngalongok aden sanes rek ngalongok ka Rohendi, sabab manehna mah indit ti rorompok bapa teh henteu bebedja, keun bae balikna oge teu perelu kanjahoanMangga Den.”

„Mangga Apa.” Djawab den Hikmat bari manggut sarta djung manehna nangtung ngadjadjapkeun rama neng Lina tepi ka panto, sanggeus Lina sareng ramana tarebih kakara den Hikmat teh balik deui gek diuk dina urutna.

„Tjageueueurrr!” Tjeuk Asep Rohendi bari wur ngawurkeun tjai anu diwadahan ku baskom teh kana tehel, sanggeus Lina sareng ramana teu aja teh.

„Nanaonan ari kang Rohendi ngawur2 tjai di djero imah? Hareudang?” Tjeuk den Hikmat keuheuleun, tapi Asep Rohendi mah teu nembalan ngan saukur djebi bae masih ngarasa handeueul, atuh djep henteu ngaromong tina bakating handjelu.



II

Bubuhan enggeus usumna hudjan teh teu daek raat, beuki peuting beuki gede kadenge ninggangan kenteng atuh dua djelema teh gawena pahuleng huleng, itu ieu teu ngaromong kawas panggih djeung musuhna, nu saurang hulang huleng saurang deui djamotrot, pedah tudjuan manehna hajang dipundajan Lina harita teh gal total.

„Kang Rohendi..... Bade kulem didieu akang teh atawa bade di bumina djuragan Wibawa?” Tjeuk den Hikmat ngelehan maneh nanja ti heula, da teu pantes atuh hulang huleng djeung teu daek ngaromong pisan mah.

„Didieu pantes da imahna, diditu pantes da diidinan.”
Djawab Asep Rohendi djamedud bakat ku ambek.

„Mana anu bade dipilih ku akang?” Tjeuk den Hikmat nanja deui.

„Nu dipilih ajeuna?” Djawab Asep Rohendi njentak.

„Enja ajeuna na rek kieu bae urang teh?”

„Nu dipilih ku kuring ajeuna, teu aja deui iwal ti diuk dina korsi bari ngalamun ngahuleng ngahurun balungTah kieul” Tjeuk Asep Rohendi bari ngangkat suku-na kana korsi terus nangkeup tuur diukna dina korsi teh.

„Euh milih kitu,.....Kudu baskom kosong baturna oge lamun kitu mah, teu perlu dibaturan ku abdi nja?” Djawab Den Hikmat bari terus nangtung rek sare ka kamarna.

„Mangke heula Hikmat! Diuk deui kadinjah kuring aja tanjakeuneun.” Tjeuk Asep Rohendi bari nundjuk kana korsi, ari den Hikmat gek diuk deui.

„Rek nanjakeun naon?” Djawab den Hikmat rada kasar sabab ngewaeun pisan sigana teh lantaran ketjap²na Asep Rohendi teh nja songong nja buraong.

„Saha anu neunggeul ka kuring bieu teh Hikmat?” Tjeuk Asep Rohendi kawas nu rek njaleser saha sahana nu neunggeul.

„Djurig.” Djawab den Hikmat gantjang naker.

„Nu bener njarita teh.” Tjeuk Asep Rohendi bari njereng.

„Ih pek bae taroskeun ka djuragan Wibawa sareng putrana.”

„Saha anu mawa kuring tiluar kadieu?”

„Dipanggul ku abdi ti pipir kadieu mah.” Djawab den Hikmat ajem bae njaritana teh sabab dipikir pikir mah kasar djeung surang sereng teh teu bener.

„Naha dadaekanan manggul ka kuring? Pan beurat

meureun?" Tjeuk Asep Rohendi bari neutep kawas ha-
jangeun njaho kana djeroanana den Hikmat.

„Kahidji kuring geus rumasa ditulung ku kang Ro-
hendi, waktu tjilaka aja nu neunggeul dipanggul ti djalan
ka imah teh ku kang Rohendi, sedeng bae mulang tarima
atuh, kaduana anu miwarangna djuragan Wibawa kolot
urang sarerea. Naon salahna ngalakukeun amal
kitu anu dipiharep ku sarerea?" Djawab Den Hikmat
bari melong.

„Enja tapi didinja mah digupaj gapej ku Neng Lina
ari didieu henteu. Adil ari kitu atawa henteu?"

„Euh soal diusapanana ku Neng Lina, teu terang a-
tuh soal eta mah kang Rohendi! Ulah njalahkeun ka abdi,
kedah taroskeun bae ka Neng Lina sareng ramana, margi
waktos harita mah abdi oge henteu hajang dipundajan ku
Neng Lina teh, ngan ari ituna anu meresihan raheut
abdi kudu ditolak?"

„Litjik maneh mah Hikmat. Ngarti kuring oge
sabab lain budak leutik, ngan ajeuna perlu njaho andjeun
nja? Saenjana Neng Lina teh kabogoh kuring, enggeus
suka pada suka, sarta kolot kuring djeung kolotna neng
Lina geus pada sapuk, tah kulantaran kitu ti ajeuna ka-
hareup mah andjeun henteu meunang reureudjeungan
deui djeung Neng Lina nja? Sabab lamun maneh hantem
bae ngahihileudan anu geus saati djeung sadjangdji eta
teh salah." Tjeuk Asep Rohendi tikekereket bakat ku
ambek, sarta terus ngusapan palipisanana anu karasa

njeri deui.

„Mangga kang Rohendi, namung eta katerangan kitu teh nembe ti saphak, hartosna ti akang wungkul, sabab ti pihak djuragan Wibawa djeung Neng Lina mah teu kitu, malah kalah ngadjak babarengan geuning.”

„Enja teu meunang eta teh..... Ulah ngahadjakeun siah Hikmat, ati² lamun tetep bae kikituan..... Djeung tadi kadenge ku kuring Lina njebut aduh djeung njebut getek sagala rupa dikumaha eta teh?”

„Ah duka teuing tanjakeun bae ka djinisna anu nga-gorowok kitu, sabab abdi mah henteu nanaon.” Djawab den Hikmat hajangeun seuri.

„Bohong siah Hikmat..... Ari njebut digegel su-su naon? Duka teuing deuih?” Tjeuk Asep Rohendi beuki ambekeun.

„Teu terang deuih..... Da abdi mah keur ngusapan baskom.” Djawab den Hikmat ngabohong.

„Ah dasar letah henteu tulangan, bisa bae njarita mah ulal elol ngahindarkeun kalakuan anu teu bener..... Ati² siah Hikmat, kudu njaho ketakna kuring djeung bapa kuring lamun geus ambek.” Tjeuk Asep Rohendi ngantjam.

„Mudah²han bae kang Rohendi abdi tetep aja dina djalan kabeneran, keun kitu kieu mah Allah nu ngatur, asal aja dina bener bae abdi mah.” Djawab den Hikmat bari djung manehna nangtung deui, leos kadjero rek muru ka kamarna, ari enggeus sup asup kakamarna gole-

dag ngarengkol.

„Hemb Hajang njaingan ka aing nja? Teu njaho karasa siah engke mah lamun bapa aing geus pipilueun.” Tjeuk Rohendi bari ngomong sorangan teh belewer manehna ngalungkeun baskom anu aja dina luhur medja, a-tuh golombrang mani tigogolontjong, ari den Hikmat ngoredjat ngadenge sora baskom teh.

„Kunaon deui bae eta teh? Ku djurig kitu? Ah moal salah dipangpangkeun ku kang Rohendi meureun,..... Paduli teuing ah da lain gableg aing.” Tjeuk gerentes hatena den Hikmat bari djongdjon bae manehna mah ngarengkol.

Asep Rohendi teu indit gawena ngahuleng bae bari diuk dir a korsi, sakapeung njusutan tarang nu karasa njanjautan urut anu neunggeul tea, sakapeung mah human-deuar lantaran ngarasa susah tudjuanana kaganggu ku anu anjar pinanggih, karek oge popoean geus bisa narik Neng Lina, ari manehna tjan bisa sakitu aja taunna, nu matak nalangsa pisan lamun ras inget kadinja.

„Kudu kumaha jeuh aing teh? Sare didieu sebel ka si Hikmat, djeung sieun ku djurig deuih Tapi ah boa² djurig teh bohong malulu Geuning buktina si Hikmat mah tumaninah pisan sigana teh teu aja kasieu? Tjing hajang njaho aing rek tjitjing didieu, lantaran balik ka Neng Lina oge era ku kolotna anu bieu geus ninggalkeun Keun isuk² bae kaditu mah ah.” Tjeuk gerentes hatena Asep Rohendi bari ngabaheuhaj

dina korsi, sarta lila² mah leng manehna nundutan da pakeanana mah teu djalibrug, sabab waktu ngagoler ka halangan ku djas hudjan anu harita enggeus dilaan sarta ditambrukeun di djuru.

Treng..... tek tek treng..... tek tek treeeeng Sada nu nakolan baskom, atuh braj Asep Rohendi beunta sarta tjeulina dipasang ngadengekeun nu kentrang kentrang sada baskom diketrokan, tapi ari geus didengekeun mah teu aja eta sora teh, atuh reup Asep Rohendi teh peureum deui bari ngomong di djero hatena.

„Ah..... Tjikatjak ninggang kaleng meureun di pipir eta imah.” Tjeuk gerentes hate Asep Rohendi sarta terus nangkeup harigu bari peureum teh.

Getruk getruk getruk..... Rekeeeett panto tukang sada aja anu mukakeun, atuh koredjat Asep Rohendi tjengkat, sarta bari djebi teh manehna ngomong sorangan.

„Hemh aksi tah si Hikmat teh make djeung njingsieunan sagala rupa, na dikira aing rek sieun siah Hikmat? Moal deuleu aing mah moal sieun ku djurig Hemh pangrasa teh anu wanian ngan silaing sorangan bae nja? Na dikira aing teu ludeung?” Tjeuk gerentes hate Asep Rohendi bari djung nangtung, ketejep manehna leumpang rek ngintip ka den Hikmat anu tadi asup ka kamar.

Geleser Asep Rohendi mapaj sisi kamarna den Hikmat, kaparengan panto kamarna teu dipeundeutkeun, lol mane' na nempo tina sela² gardengna Breh dina

randjang euweuh sasaha..... Atuh sup manehna kadjero kamar lurat leret heula dilawang kamar sanggeus tetela den Hikmat euweuh kakara manehna mikir sadjeroning hate.

„Tetela jeuh anu bieu kuprak kepruk siga nu leumpang teh si Hikmat lamun kitu mah..... Ladalah nimu manggih jeuh, keun siah dibales arek diteunggeul ku aing sabab tadi kadenge ngareket mukakeun panto dapur, hemh tidituna mah njingsieunan meureun nja? Nganggap bolon siah ka aing teh Awas asaan pamales aing.” Tjeuk gerentesna Asep Rohendi bari ketejep kaluar deui ti eta kamar, terus manehna muru ka tukang ngadeukeutan panto dapur.

Ssss kuprak kuprak ssss kutjuprak, siga aja nu njoo tjai ledeng, da ngotjorna ngagelenggeng djeung nerelek, sakapeung mantjawura ngotjorna teh mani njebrot siga ditandean ku leungeun, atuh njeh Asep Rohendi seuri sarta terus manehna djebi bari ngomong djero hatena.

„Hemh aksi tah si Hikmat teh, tidituna mah njingsieunan ka aing meureun, nadikira aing teh bakal sieun? Moal deuleu Hikmat moal sieuneun si Rohendi mah.” Tjeuk Asep Rohendi bari terus mukakeun panto dapur lalaunan, rekeecett braj eta panto muka ret manehna ngareret kana ledeng paragi kukumbah wadah, tapi taja na-naon didinja teh, malah taja tapak tapakna atjan anu ngutjurkeun tjai.

Sssssttt tjeoooooss kutjuprak kutjuprak kadenge deui ledeng di kamar mandi ngotjor, atuh njuh Rohendi seuri mani djebeng, sarta ngomong didjero hatena bari ngete-jep leumpang ka kamar mandi.

„Hemh aksi siah Hikmat, na dikira aing teu ludeung ka kamar mandi? Ati² siah ku aing.” Tjeuk gerentes hatena Asep Rohendi bari reg eureun lebah panto kamar mandi teh.

Kolotrak selot panto kamar mandi teh ku Asep Rohendi dibuka lalaunan, rekeett braj ku manehna dibukakeun saolah olah ngadjebak anu eukeur njoo tjai, ari braj breh ku Asep Rohendi katingali eta ledeng tjaina teh henteu ngotjor, sarta didinja euweuh sasaha, atuh gebeg Asep Rohendi reuwaseun rej bulu pundukna muriding, sarta hatena mentegeg bakat ku reuwas.

Ret Asep Rohendi ngareret kana bak tjai anu pinuh, tapi taja tanda2na ojang nu njoo tjai, atuh bari tingpuringkak teh manehna olohok bae, sarta panonna gular giler ngentja ngatuhu, katambah keur kitu teh kerelek ledeng muka sorangan atuh tjor tjaina ngotjor nerelek sagede tjiinggir.

„Haramdjadah tah ledeng teh ngotjor sorangan teu pageuh muterkeunanana meureun.” Tjeuk gerentes hatena Asep Rohendi bari djebi lantaran ngarasa sieun ku polah sorangan, sarta terus leumpang rek njetop kran ledeng anu harita keur muka.

Barang manehna njelendeu arek gap njekel eta kran,

set ledeng teh nutup deui kawas aja nu muterkeun, atuh beg Rohendi reuwas panonna mani buntjelik, rej bulu punduk muringkak, sarta gantjang mundur deui panonna mani molotot neuteup kana eta ledeng, nu bieu nutup sorangan

Keur djongdjon manehna melong kana ledeng anu saat, henteu kanjahoan deui gap leungeunna nu katuhu harita aja nu njagap, atuh gebeg teh ngagebeg sarta ngepretkeun leungeunna, ditjkel ku leungeun kentja bari haben luak lieu neangan nu njagap leungeun.

Puh puh tjeulina Asep Rohendi aja nu niup, karasana mani tiis, atuh gebeg teh ngagebeg sarta terus tjulang tjileung, gantjang Rohendi kaluar bidjil ti kamar mandina, sadjeroning balik deui asa aja nu nuturkeun leumpang kedep prak kedep ruk, ari reg manehna eureun anu leumpang oge eureun, ari terus leumpang deui djurig teh nuturkeun leumpang kadenge kekedep rukan.

Atuh rej sabulu bulu harita pating puringkak, ari leumpangna mah gantjang lantaran ngarasa sieun, malah eta djurig oge nuturkeun tukangeunana kawas anu ngilu gantjang, atuh deregdeg Asep Rohendi teh lumpat Pes listrik pareum gebrug Asep Rohendi neunggar korsi di tengah imah sabab keur lumpat ngadadak poek lantaran listrikna bet pareum teu puguh², gero Asep Rohendi ngagero.

„Aduuuh!” Tjenah, bari deregdeg lumpat deui mani sagala didurak, gombrang baskom anu tadi dialungkeun

kasepak mani tigogolontjong, gep tjeulina Asep Rohendi aja nu njekel, atuh gero manehna ngagorowok tarik pisan. „Tuluuung? Tuluuung!” Tjenah bari mabuk anu njekelan tjeuli tapi taja djungkiringna, berengbeng lumpat deui kahareup braj manehna mukakeun panto hareup, gebrug eta panto dibeubeutkeun meundeutkeunana teh, deregdeg manehna lumpat deui muru bumina neng Lina.

Blig blig blig tukangeunana Asep Rohendi aja nu ngudag gublah geblig, ari direret taja djelema, atuh rej bulu pundukna beuki muringkak, gero ngagorowok deui menta tulung ka ramana Neng Lina.

„Tu Tuluuung! Di diudag djurig tuluuung!” Tjeuk Asep Rohendi bari gebro panto hareup buni djuragan Wibawa teh didupak, braj muka da puguh teu ditulakan sabab tjeuk emutanana djuragan Wibawa waktu tadi bisi Rohendi batik pandeuri, atuh bru Asep Rohendi nambru bari burial buntjelic, katambah didinja oge trek tjeulina aja nu njintreuk atuh goak ngagoak deui bari ngahegak.

„Tuluuuuung!” Tjenah.

Djuragan Wibawa reuwas njakitu deui istrina ngadenge sora kitu teh, malah mah Neng Lina oge djeung mang Asdi geus kaluar ti masing2 kamarna, rungah ringeuh silih pelong ngadengekeun nu rumahuh di kamar hareup imahna.

„Apa aja naon deui eta teh?” Tjeuk Neng Lina rungah ringeuh.

„Ah kasebelan bener jeh..... Ngaganggu teh ka-

bina bina siah, disabet ku bedog siah geura ku aing.” Tjeuk ramana bari ngadjewang bedogna anu ngagantung dina tihang terus dipesat, sarta kolotrak muka panto anu ka kamar hareup, ari braj pantona muka gero djuragan Wibawa ngagero.

„Saha maneh teh hah? Hajang paeh disabet ku bedog siah?” Tjeuk djuragan Wibawa ngulangkeun bedogna anu ngaborelak herang.

„Ampun Pa..... Ieu mah ab abdi A Apa..... Ro Rohendi.” Tjeuk Asep Rohendi mani burial buntjelik djeung renghap randjug njaritana teh, sarta napasna ngahegak siga anu tjape pisan.

„Kunaon maneh teh Rohendi?” Tjeuk djuragan Wibawa bari gogodeg sanggeus telek jen anu andeprook di dinja teh Asep Rohendi, malah sarerea oge njampeurkeun kawas anu hajangeun njaho.

„Aduh Pa..... Abdi terus terusan diganggu ku djurig Pa..... Malah den Hikmat mah teu aja diditu teh Pa..... Dipindahkeun ku ed ed djin.” Tjeuk Asep Rohendi njaritana pegat pegat.

„Ari maneh bieu kunaon ngagoak hah?” Tjeuk rama Neng Lina ambekeun.

„Disintreuk djurig Apa.” Tjenah.

„Piraku djurig make djeung njintreuk sagala rupa? Ah rarasaan bae silaing mah, kamana ari den Hikmat?”

„Teu aja Apa tjeuk abdi oge teu aja..... Duka kama-na teu kanjahoan ngilesna, disumputkeun ku djurig pa-

nginten Apa." Tjeuk Asep Rohendi mani putjet taja ge-
tihan.

Ngadenge den Hikmat euweuh seblak neng Lina su-
meblak, manehna reuwaseun pisan djeung njaah ka buah
hate, atuh henteu loba omong ramana anu mariksa ku
manehna teh diantep, kalah hajoh seselendep ngaleos
bidjil kaluar, deregdeg manehna lumpat rek neangan buah
hate anu tjeuk Robendi leungit, Neng Lina taja kasiéun
lumpatna mani ngitjiprit.

Katambah waktu harita hudjan masih keneh ngepruj,
atuh Neng Lina kulimis siga anu entas mandi, hatena
taja kasiéun lantaran teu weleh inget ka anu ngusapan
bitis waktu keur didapur tea, atuh henteu matak heran
ari soal katjinta mah bisa ngelehkeun kasiéun.

Tapi barang enggeus tepi ka lebah bumi den Hikmat
manehna mani ngarandjug lantaran tetela pisan didjero
imah teh poek, atuh neng Lina ngahuleng rarasaan teu
paruguh, djeung kawas watekna djurig anu tadina wani
teh ari geus tepi mah keueung sukuna mani njorodtjod.

Neng Lina teh luak lieuk ret ka kentja ret ngatuhu,
sok sieun didinja aja ngabelegbeg badju hideung nembon-
ngan manehanana, atuh ari diwangwang mah kalah beuki
sieun bae, tapi lantaran geus kagok reket Neng Lina njo-
baan mukakeun panto hareupna, ari braj panto geus mu-
ka sup Neng Lina lalaunan kawas masih sieun keneh.

Sanggeus aja didjero mah tetela taja nanaon, ngan
karasa ku sukuna didinja teh asa tjebrek, atuh terus

madju deui ngaburu ka tengah imah, ari manehna ngalengkah braj teh aja nu njaangan.

„Aaaaaw!” Tjeuk Neng Lina ngagorowok tina takating ku reuwas, sarta panonna molctot bari njekel eta gardeng.

„Lina.....” Tjeuk nu ngabatrean bari njampeurkeun kanu nangtung di lawang imah, sarta panonna mur-eleng.

„Engkaaang..... Duh engkang, padjarkeun teh engkang leungit tjenah.” Djawab neng Lina bari njampeurkeun teh gabrug ngarangkul sarta harita keneh oge patangkeup tangkeup tina bakating ku bungah, ari batre ku den Hikmat henteu dihurungkeun deui kawas anu hajang djongdjon.

„Lina Naha mani wantunan angkat kadieu njalira?” Tjeuk den Hikmat bari djongdjon ngarangkul ka anu geulis.

„Margi nguping wartos engkang teu aja disumputkeun ku djurig tjenah, numawi sieun² oge kapaksa bae abdi teh kadieu hajang geura ngabuktoskeun, ari pek teh masih ngadjentul geuning..... Oh engkang, kalintang abdi nuhunna kana kadjantenan kieu teh.” Tjeuk neng Lina dumareuda.

„Sami nuhunna Lina..... Sanaos urang nembe pategang sababaraha dinten oge, hubungan urang teh tos raket pisan nja Lina, asa tos kenal taun² lamina, eta teh teu aja sanes iwal ti kasaean manah Lina ka diri engkang,

namung engkang bade tumaroe sakedik nja Lina, leres atanapi henteu Lina tos aja parukeur djangdji kanggo hirup babarengan sareng Rohendi?" Tjeuk Den Hikmat bari njekelan siku Neng Lina duanana.

„Bohong engkang Sakali deui bohong eta mah, ti saha engkang ngadangu eta wartos teh?" Djawab Lina bari tjengkat.

„Tadi ti kang Rohendi Saurna teh Lina atos djanten hak milik andjeurna margi sadjabina ti Lina anu suka pada suka teh, sepuh tikadta pihakanana oge tos sapamadegan tjenah."

„Bohong engkang Rohendi mah ngabohong, dugi ka ajeuna abdi teu atjan aja nu njepeng, njakitu teu atjan aja nu njuhunkeun ka pun bapa oge Sing petjanten engkang ka abdi." Tjeuk Lina bari kerewek njekel deui ka den Hikmat.

„LinaKersa mantuan ka engkang?" Djawab den Hikmat malik nanja.

„Perjogi ku bantuan naon engkang teh?" Djawab Lina bari tetep bae nangkeup da puguh poek.

„Engkang perjogi ku bantuan ti Lina teh, bantuan naon bae anu sangkut paut sareng tudjuan engkang, boh pibahajaeun boh pisalameteun, lamun Lina uninga omat kedah wartoskeun ka engkang nja? Kitu oge lamun Lina bade mantuan."

„Naon tudjuan engkang teh?" Tjeuk Lina bari neuteup, ngan teu kadeuleu da puguh poek boh anu neu-

teupna boh anu diteuteupna.

„Lina, engkang teh hajang terang dimana kuburanana pun bapa upami maot, atuh upami hirup keneh hajang terang tempatna, tah kitu tudjuan engkang teh Lina.”

„Djanten upami maot teh hajang uninga anu maehanana panginten nja engkang?” Djawab Lina hajangeun jakin.

„Tangtos bae Lina.” Tjeuk den Hikmat dumareuda.

„Bade males engkang teh?” Tjeuk neng Lina lalaunan.

„Ah bade nungtut kaadilan bae Lina Tapi, atos bae njarioskeun eta mah Lina dugi kadieu, bilih kadangueun ku Tangkorak Hirup Anu geus ngabinasa ka engkang sarta nitah balik deui ka Jogjakarta ka engkang.”

„Saha engkang kinten²na tangkorak hirup teh?” Tjeuk Lina beuki pageuh bae nangkeupna teh, lantaran beuki sieuneun ajeuna mah.

„Tangtos anu aja sangkut pantna sareng pun bapa, tah ku engkang beuki kaharti ajeuna mah Lina, satemenana manehna teh lain hajang males ka pun bapa, nu le-res mah sieuneun katalungtik ku engkang, anu hajang terang djudjutanana pun bapa, ngartos Lina atanapi henteu?”

„Ngartos engkang.” Djawab Lina dumareuda.

„Tah eta kitu Lina nu mawi engkang njuhunkeun bantosanana ti Lina oge, sabab nembe oge didintenan

ka engkang atos nandasa, namung sanes bade maehan males pun bapa eta mah, sakadar njingsieunan supados engkang djauh tidieu, djadi aja di daerah ieu Lina anu maehan pun bapa teh..... Lamun bener manehna hajang males kanjeri ka anakna pun bapa tangtu engkang moal dititah balik deui ka Jogjakarta, tapi tangtu nitah balik ka aherat, hartina engkang tangtu dipaehan ngartos atanapi henteu Lina?"

„Ngartos engkang, keun abdi bade mantuan ka engkang satekah polah.”

„Nuhun Lina, ajeuna mah urang uih bae atuh, da engkang mah aja ti tadi oge, ngan henteu nembalan ka Rohendi.” Tjeuk den Hikmat bari terus kalaluar heula geus diluar leos Neng Lina mulih deui didjadjapkeun ku Den Hikmat

ooooooooOoooooooo

Harita teh isuk² kira wantji haneut mojan, di salah
sahidji imah nu teu wudu agreng pisan, lantaran anu bo-
gana eukeur mah manehna kolot loba kasebutkeunana,
ahli nulung kanu butuh ahli nalang kanu susah, djeung
enggeus sabiwir hidji manehna djago maenpo, atuh beuki
pada serab sadajana pada adjrih.

Tapi eta pameget teh ajeuna mah siga ngujung, bu-
dina teh alum bae, malah harita andjeunna kawas nu
teu sabar pisan, gawena ngan lunga lengo kawas nempoan
kadjalan, horeng aja nu ditunggu anakna anu diBandung,
sabab enggeus dua poe manehna teu elol elol kawas nu
aja halangan.

Horeng eta pameget teh anu kasebut geus sepuh
djenenganana Atmadja, didinja sorangan bae teu daekeun
boga bodjo, lantaran istri andjeunna tikeula teh enggeus
maot, sareng nganturkeun putrana anu ngan hidji2na
djenenganana Rohendi, ku andjeunna teh diego lantaran

taja turunan iwal ti Asep Rohendi anu bakal neruskeun
teh turunan andjeunanana.

Keur djongdjon bae ngalamun rongheap anu dianos
harita parantos tjunduk, tapi rupana teh ngujung sarta
siga putjet pisan, malah barang djol datang ge manehna
teu daek ngomong, kalah gek manehna diuk bari ngahu-
leng teu puguh dihareupeun bapana teh.

„Endi, kunaon kawas nu susah pisan Udjang teh?”
Tjeuk djuragan Atmadja bari neutep ka anakna anu
harita karek djol.

„Mama, abdi kalintang njeri hatena ku djelema anu
karek datang tea, emh asa ditjoo hulu mama abdi teh,
lantaran ku hidji dua perkara, kahidji abdi tos eleh set
ku manehna, margi kakara oge didintenan dongkapna
ka Bandung geus tiasa ngabandag sarta ngait hatena
Neng Lina, emh komo engke panginten Mama.

Tah kumargi kita kapaksa abdi teh ngadjalankeun
kakerasan anu nganggo sulubung njingsicunan djadi dju-
rig, tapi akibatna abdi diteunggeul ku manehna tepikeun
ka teu inget di bumi alam, atuh ku kadjadian kitu teh
abdi beuki njeri hate bae, djalaran djuragan Wibawa
oge sapertos anu mangmeunangkeun ka si Hikmat.

Djanten kumaha atuh ngakalanana Mama, sangkan
abdi laksana kauntun tipung katambang beas laksana
ngawin Neng Lina, margi ajeuna mah tos aja rereged a-
nu ngaha'angan maksud abdi, nja eta si Hikmat putra
kawalonna djuragan Martono tea.” Tjeuk Asep Rohendi.

bari ngaheruk siga nu sedih.

„Ah susah boga anak teh, titah ngadeukeutan hidji awewe anu taun² lilana teu bisa hasil, kaclehkenn ku lalaki anu kakara datangna popoean Hemh ngerakeun maneh mah Rohendi! Leuwih ngerakeun tibatan lalaki nu goreng patut djeung miskin, leuwih ngerakeun ti djelema anu geus teu indung bapa.” Djawab ramana bari ngadjebian ka anakna.

„Sumuhun Mama, margi neng Lina teh lindeuk dja-pati, siga hajang tapi embung geuning, kanjahoan soteh ajeuna Djeung kasaksi deuih, ah teu beda ti kembang djalan deuih kalakuanana teh ari djeung si Hikmat mah, make djeung ngagoak dipatjok susu sagala, djeung gutak getek sagala waktu didapur teh, hemh mapanas pisan ka abdi teh, ah njuhunkeun widi bae mama ku abdi rek dipaehan tah si Hikmat teh, wani ti hareup teu wani ti tukang, pendekna mah asal djengker.” Tjeuk Asep Rohendi tikekereket.

„Heueuh salah eta teh, lamun urang ngalakukeun kadjahatan eta sarua djeung urang ngapeskeun diri, ngarti?” Tjeuk djuragan Atmadja bari kerung, sarta pok neruskeun omonganana. „Geus kanjahoan ajeuna maksudna eta djelema teh?”

„Teu atjan terang Mama, mung anu katawis teh ka bapa terena oge siga ngewaeun da buktos teu daek ngahidji sareng indungna, kawasna mah hajang neangan sabab²na pang bapana maot panginten Tapi aja nu

nandasa deuih bapa manehna teh, malah eta anu nganiaja teh njebut² Tangkorak Hirup dina suratna mah, sarta ngantjam nitah balik deui ka Jogjakarta, lamun teu balik deui nja tangtu njawa pigantieunana teh." Tjeuk Asep Rohendi bari neutep ka bapana.

„Tah eta anu kudu dihartikeun ku maneh teh Udjang tjeuk Mama oge tibarang ngadenge bedja kamari ieu kudu kumaha Maneh kudu terus terusan nalingakeun kaajaan seluk belukna eta djelema, sabab saha nu njaho manehna ngan ngandung hidji tudjuan rek ngarebut ka bogoh maneh, nu matak rapetan kalawan make djalan anu kumaha bae, sangkan teu katjiri hajang pisan ka Neng Lina, keun ari soal djuragan Wibawa mah ku maha Mama, tapi Endi kudu bisa ngambil hatena Neng Lina.

Ari ngambil hate awewe lain ku pupudjieun ieu aing boga mobil, lain pupudjieun ieu aing kasep loba duit, lain pupudjieun aing anak djelema djegud, lain kitu ngambil hate awewe mah, tapi kudu ku budi basa nu hade, kudu nembongkeun kalakuan anu sopan santun, sing hade tatana sing hade basana, djeung omat kudu sabar ulah panas, sabab lamun sakali panas didinja geus tangtu kahandap harkat daradjat urang teh..... Ngarti Rohendi?"

„Ngartos Mama." Djawab Asep Rohendi bari ngeruk.

„Tah ajeuna mah anu kudu dipigawe ku maneh teh

lain hajang pagegeje djeung neng Lina, lain kitu Rohendi, tapi maneh kudu bisa ngadjalankeun anu lungguh timpuh antieun sagala heueuh, tah lamun maneh sagala kumaha andjeunna ahirna maneh bakal njaho kalemahan maranehna ngarti? Pek ti isukan kahareup mah ulah tjara nu enggeus² nja?"

„Mangga Mama.” Djawab Asep Rohendi bari nga-heruk.

„Djing geura leureuh atuh Isukan datang deui kaditu nja?” Tjeuk djuragan Atmadja bari neutep ka putrana anu harita ngaleos asup ka kamarna, dug manehna ngagoler bari ngalamun nginget² ka Neng Lina djeung ka den Hikmat.

Ari anu dilamunna deui Hikmat waktu harita keur leumpang sareng mang Asdi, manehna djongdjong ngarobrol bari hantem tandjak tundjuk, kawas anu keur nuduhkeun kaajaan lebah dinja.

„Tah den palebah dieu pisan maotna pun bodjo teh ari tuang rama palih ditu saur anu terangeun ngawitan mah, namung barang diteang deui tuang rama mah teu aja, ngan kantun pun bodjo bae Kitu tah den sarilahna waktos arandjeunna maot teh,” Tjeuk mang Asdi bari ngalimba.

„Mang Asdi, ari peso anu dianggo ngabunuh istri emang aja keneh?” Tjeuk den Hikmat kawas anu hajangeun njaho.

„Kantenan aja mah den, ku emang teh disimpen bae

didamel peringetan."

„Tiasa upami abdi engke nambut?" Tjeuk Den Hikmat bari neutaup.

„Kantenan bae tiasa mah, kanggo naon kitu Den?"

„Abdi perjogi kanggo ngusut anu maehan pun bapa sareng anu maehan istri emang, namung....." Reg den Hikmat njariosna liren heula.

„Namung kumaha Den?" Tjeuk mang Asdi kawas nu heran.

„Eta mang..... Namung punten bae nja bade tumaros nu kirang sopan."

„Bade naroskeun naon Den?" Tjeuk mang Asdi panasaran.

„Eta mang.....Dupi ka ibina sok aja nu heroj² bogoeun mang?" Tjeuk den Hikmat rada bareureum.

Ha ha ha Mang Asdi seuri mani njakakak ditanja kitu teh, sanggeus akej akejan kakara manehna nembal. „Den, aja tjeuk tuduhan mah, nja eta tuang rama anu bogoeun ka pun bodjo teh, sarta tepi ka dipaehana oge lantaran teu kersaeun diadjak teu puguh tjenah pun bodjo teh, tapi ari hate abdi mah benten den, ari timburu mah aja, namung sanes ka tuang rama."

„Ka saha mang?" Tjeuk den Hikmat mani gantjang.

„Ka hidji djalmi anu sasarengan sareng paman aden kapungkur nja eta djuragan Atmadja, anu kaparengan ajeuna mah beuki kenal nja eta ramana Asep Rohendi, Tapi sakadar timburu den sanes timburuan, djalaran

djuragan Atmadja teh lamun tepang sareng pun bodjo sok benten, kalihna ti eta pun bodjo oge lamun aja djuragan Atmadja sareng djuragan Martono ngandjang ka tuang rama sok ngaleos siga nu sieun pisan ku djuragan Atmadja teh..... Tah kitu sakaterang mah."

„Mindeng mang ngandjangna pun paman sareng djuragan Atmadja teh?"

„Kantenan sering mah." Djawab mang Asdi pondok.

„Ari ajeuna kumaha? Masih sok silih andjangan ke-neh manehna teh?"

„Ah tara katingal ajeuna mah Den, namung anu jakin teh tjampurna djuragan Martono sareng djuragan Atmadja katilu sareng djuragan Wibawa sapertos sobat medok siga nu tara patelak."

„Waktos pun biang nikah ka pun paman kumaha arandjeunna araja mang Asdi?"

„Kantenan bae araja mah, malah sigana teh kawas panganten bae da ulukutek didieu."

„Nuhun mang Asdi Namung upami abdi engke malem Djumaah bada magrib bade njuhunkeun widi di padjaratan ibina bade ngiring moal mang?"

„Njuhunkeun widi kumaha ari aden?"

„Njuhunkeun widi bade ngawartosan hajang ngabekuk anu maehan pun bapa sareng ibina."

„Aden jakin anu maehan pun bodjo teh ranes tuang rama?" Tjeuk mang Asdi ngadjugdjungan eusi hatena den Hikmat.

„Langkung ti jakin mang..... Malah hate abdi kejang hajang nangkep eta komplotan anu sagantjang gantjangna..... Bade ngiring mang Asdi teh?”

„Mangga den ari kitu mah, ti ngawitan ajeuna kapajun abdi djanten pangiring aden, kapungkur abdi ngukuntit teh ka tuang rama, sarta ngasuh ka aden, tapi ajeuna mah bade ngingiring ka aden, mangga engke malem Djumaah sareng abdi nja Den?” Tjeuk mang Asdi semu gumbira.

„Nuhun mang Asdi, ajeuna kalawan waktu anu tja ket pisan abdi tos gaduh dua batur anu sahidup samati tjeuk basa Indonesia tea mah, kahidji Neng Lina, kadua Mang Asdi, mugi2 bae maksud abdi sing enggal hasil nja mang? Haju ajeuna mah urang ka rorompok bae.” Tjeuk den Hikmat bari terus baralik sabadana ngolongok ka kuburanana istri mang Asdi teh

ooooooooOooooooooo

IV

Dur dur dur di lebak sora bedug magrib kadengana mani tarik, halewang sora nu Adzan matak njuat kana hate hajang buru aribadah ka anu kagunganana bumi langit djeung eusina, malah mah mang Asdi oge harita netepan magrib, ari sabadana salat gek manehna diuk deui sorangan di tengah imah sarta njangkareupan rujung nu rupana semu hurik.

„Asdi, asa kakaraeun teuing ajeuna maneh make djeung salat sagala rupa euj?” Tjeuk djuragan Wibawa bari gek tjalik sarta neutep ka mang Asdi.

„Atuh sawios Apa, batur mah dinasehatan supaja daek ibadah, ari Apa mah hajoh digeunggeureuhkeun nja?” Tjeuk Neng Lina nempas ti tukangeun ramana bari njampeurkeun sareng ibuna.

„His lain ku kitu Apa mah Lina Ngan eta heran bae tara² ti sasari djeung teu gugur teu angin deuh.” Tjeuk ramana bari seuri.

„Ah ageung dosa panginten Apa.” Tjeuk Asep Rohendi bari njampeurkeun deuih da aja didinja manehna oge, rek ngadon mondok deui tjenah.

„Bisa djadi kitu Rohendi..... Boga dosa naon maneh teh Asdi?” Tjeuk djuragan Wibawa bari tjalakatak seuri sarta ngalenggak.

„Leres di emut emut mah abdi teh ageung dosa djuragan, kahidji abdi tara ngalakonan amal ka sasamaning manusa ku djalan tulung tinulungan, boh ku harta boh harti njakitu deui ku tanaga, kaduana urang hirup sareng maot teh dikersakeun kunu Kawasa, tapi urang tara nganuhunkeun ka andjeunna, malah tara inget² atjan sigana teh.

Nu mawi kanggo abdi mah djalaran karumaosan jen hirup aja nu ngatur, aja nu kagunganana, teu aja deui djalan iwal ti kudu tunduk kana pituduhna anu kagungan nja satiasa tiasa kudu ngalakonan amal Ibadah, amal ka sasamaning manusa ari ibadah ka Allah anu Kawasa, nu mawi ah ajeuna mah ngalakonan deui bae anu lima waktu teh djuragan.” Djawab mang Asdi teu aja hate make keuheul sagala dikotjok teh.

„Enja bener ibadah mah kudu, tapi kurang lengkep tjeuk maneh oge Asdi, lamun teu dibarengan ku amalna.” Tjeuk Rohendi kawas anu rada sirik mang Asdi ngomong kitu teh.

„Numawi ajeuna ngabantung rujung oge abdi teh ba- de ngadjalankeun amal ku rupa tanaga djuragan Ro-

hendi, bade ngabelaan anu keur susah hajang nangtung-keun kaadilan, nu bener kudu meunang gandjaran anu salah kudu meunang hukuman, tah eta djalma anu boga tudjuan kitu anu rek dibantu teh, lain amal ngaranna ari kitu Sep?" Tjeuk mang Asdi njaritana ka Rohendi teh aja sok njebut djuragan aja sok njebut Asep.

„Saha djalma anu rek dibantu ku maneh teh Asdi?" Tjeuk ramana Neng Lina mani olohok ngadenge omongana budjangna teh.

„Den Hikmat putrana dunungan abdi baheula djuragan Sundoro." Djawab mang Asdi teu loba pikir deui njaritana teh.

„Euh nu mapatahan ka maneh oge atuh den Hikmat nja Asdi?" Tjeuk Rohendi mani olohok ngadenge mang Asdi biluk ka den Hikmat teh, ari djuragan Wibawa gawena olohok bae.

„Leres Sep..... Saur den Hikmat teh kudu buru2 bebekelan tjenah Mang Asdi hirup di dunja teh, lantaran urang bakal pae, lamun bakal pae kudu aja bekelna, tah naon keur bekelna pae teh? Teu aja deui iwal ti amal ibadah anu ulah aja petotna djeroning hirup..... Numawi ah bade dikeureujeuh bae Sep, peupeuriheun harta djeung harti teu gaduh emang mah atuh tanaga2 nja Sep?" Tjeuk mang Asdi bari seuri njaritana teh.

„Naon anu rek dilakukeun ku maneh ajeuna teh Asdi?" Tjeuk djuragan Wibawa hajangeun geura njahoeun.

„Den Hikmat bade njampeur kadieu gan..... Mak-

sadna hojong terang ka kuburan pun bodjo dina malem Djuma'ah, duka naon anu dimaksudna mah, ngan abdi diadjak ku andjeunna teh, sarta abdi teu mungpang da kaharti maksudna." Djawab mang Asdi tatag pisan.

„Eta sugan anu kaharti ku maneh teh rek naon maksudna den Hikmat make loslos ka kuburan sagala rupa Asdi?" Tjeuk ramana Neng Lina bari ngahuleng.

„Njariosna mah kieu djuragan, ku djalaran pun bodjo aja anu nandasa dina maotna teh, ku urang kunu hirup kudu dijaminkeun, ulah tepi ka roh pun bodjo marakajangan dimana dumukna, kadang2 ulah ngaganggu ka anu hirup didunja, lantaran manehna paeh kapaksa djadi henteu njahoeun ka geusan mulang.

Atuh yakin kulantaran teu katarima tea da puguh paeh kasarad anu hartosna paeh teu atjan dugi kana waktuna tea, tangtu erohna teh kumalajang ngulajaban teu puguh surak serokna, tah eta oge urang teh anu hirup kudu yakin sarta ngalakukeun amal, kahidji ku ngadoalakeun mudah mudahan sukma nu maot sing aja dina kasalametan ulah dugi ka kumalajang surak serok kana kaju kana batu, djadi panghuni nu buni.

Kaduanya ku urang kudu dihiptaran, saha anu ngabinasa, tepi ka pun bodjo sareng djuragan Sundoro pupus teh, eta pendjahatna kudu kencing saur den Hikmat mah, sarta kudu dibawa ka pangadilan, supaja maranehna mikul tanggung djawab kana kasalahanana, tah kitu tudjuan den Hikmat anu mulja teh djuragan, sarta abdi ngarasa

era, margi ari abdi salakina teu aja hodjáh pisan, ari den Hikmat putra dunungan anu sakitu tohtohanana teh, numawi ah ngiring bae abdi teh ajeuna mah." Tjeuk mang Asdi bari mesem.

„He'eh Alus tah Asdi tudjuan teh, kuring ngarasa gumbira sarta ngadoakeun mudah2han tudjuan den Hikmat teh sing lantjar ulah aja halangan harungan, sing buru² bisa newak eta pendjahar." Tjeuk djuragan Wibawa bari imut.

„Nuhun Apa." Tjeuk hidji sora ti lawang panto, ari breh teh den Hikmat geuning anu keur ngadjanteng kawas anu ngadengekeun obrolanana anu di djero.

„Aeh geuning den Hikmat, mangga kalebet den!" Tjeuk djuragan Wibawa sanggeus ngareret teh, atuh sup den Hikmat kadjero gek andjeunna tjalik, ari djuragan Wibawa pok neruskeun omonganana. „Geuning aden aja dilawang bieu teh? Tos lami den?" Tjenah.

„Ah nembe Apa, mung kudjalaran mang Asdi nudju ditaros kapaksa bae abdi teh ngadjanteng heula." Djawab den Hikmat bari imut sarta ngareret ka Neng Lina anu mesem sarta ngeredjep siga anu ngitjeupan, atuh rej Asep Rohendi teh bidjil napsuna lantaran tjua kanu eukeur maraen mata.

„Tjeuk si Asdi mah Aden teh bade ka kuburanana bodjo si Asdi den? Enja eta teh atawa ngen ukur heureuj?"

„Leres Apa, malah ajeuna teh bade njuhurkeun wi-di ka Apa, margi abdi bade ngabantun pun Asdi.....

Kumaha kinten2na diwidjan ku. Apa teh?" Tjeuk Den Hikmat bari neutep ka Djuragan Wibawa.

„Eh mangga bae den, eukeur mah si Asdi oge hajangeun tadi teh, tuh mani sajadi rujung sagala nja den, kawas rek gelut djeung lelembutanana pamadjikan bae si Asdi mah." Djawab djuragan Wibawa bari tjatjakak seuri, atuh ger sarerea alager ageran, ari anu digeuhgeujkeunana mah imut bae.

„Nuhun Apa Abdi permios bade mios teh ajeuna bae, da tadina oge hajang bada magrib." Tjeuk den Hikmat bari terus manehna ngaleos sanggeus diwidjan mah, ari mang Asdi nuturkeun ti pandeuri.

„Engkang." Tjeuk Neng Lina sanggeus den Hikmat aja diburuan.

„Aja naon Lina?" Djawab den Hikmat bari ngarandeg heula sakeudeung, ret manehna ngareret malik ka tukang.

„Ajeuna engkang angkat ti pajuneun abdi nja kang, muging engke mulihna oge sing patepung lawung padjonghok deui sarta pateuteup padeuleu beungeut." Tjeuk neng Lina bari imut.

„Nuhun Lina, sami bae tudjuan engkang oge kitu Emh ku sahate nja Lina?" Djawab den Hikmat bari imut terus ngaleos deui bari njarios kieu. „Dikantun heula nja Lina!"

„Mangga panutan abdi." Djawab Lina dumareuda.

„Hemb panutan panutan anak setan." Tjeuk gerentes

hatena Asep Rohendi bari ngadilak bakat ku panas, sarta mureleng neuteup den Hikmat anu ngaleos leumpangna teu lurat leret dituturkeun ku mang Asdi.

Anu leumpang djongdjon bae siga nu taja kasiéun, sarta henteu ngararomong kawas enggeus sedjen rasa, jen manehna harita teh aja dina hidji bahja, sabab beda karasana ajeuna mah tingsareblak, hate ngadak2 paur asa djauh panineungan, malah hajang balik deui lamun seug henteu era mah.

Barang maranehna tepi ka hidji tempat nu sepi geueuman pikasiéuneun, tangkal tjaringin katjiri ngarunggunuk siga bingung, henteu usik henteu malik teu kaojagkeun ku angin, daunna teh siga ngujung, siga ngariung baringung, atuh breh hidji kuburan dina handapeun tjaringin katara sanadjan poek lantaran aja tutunggui, kambah didinja datar henteu aja tatangkalan anu rembet ngahalangan, ngan saukur djukut bae anu minuhan ta-neuh teh.

„Den. Katingal tah kuburan pun bodjo teh?”
Tjeuk mang Asdi bari nundjuk kana tutunggulna.

„His puguh bae katingali mah mang Asdi, tapi naha nja ajeuna mah asa geueuman kieu?” Djawab den Hikmat bari imut.

„Tangtos bae den margi ajeuna mah wengi, mung saena teh kapa-engan henteu hudjan nja den? Lamun seug hudjan mah barabe.”

„Enja tuh teu pati poek teuing sanadjan handa-

peun tangkal tjaringin oge, bubuhan di langit taja mega nu ngahalangan..... Geura haju urang ka eta kuburan mang Asdi!" Tjeuk den Hikmat bari terus njampeurkeun kuburanana istri mang Asdi anu ngan hidji hidjina didinja, sabab waktu maotna oge palebah dinja, sareng kaha-jangna mang Asdi teh dikuburna oge didinja.

Barang manehna geus tepi brek den Hikmat teh tji-ngogo bari ngong deuih ngadoa sorana matak muringkak da puguh harita peuting, ku mang Asdi dikupingkeun, matak njeuit kana pikir, rusras inget ka bodjona anu enggeus tilar dunja, atuh rej panon mang Asdi ngarun-tjlang ku tjai mata kawas nu kasuat bae.

Sabadana matja doa djung den Hikmat nangtung deui, sarta pok andjeunna ngomong sorana teh tarik pisan.

„Bibi! Abdi djangdji rek newak djalmi anu nandasa ka bibi sareng ka pun bapa..... Pek talingakeun nja bibi?" Tjeuk den Hikmat kawas ngagorowok bae njaritana teh.

Ari djep den Hikmat djempe hiung siga anu tjeurik, ngadingdiut di kuburan matak keueung matak reuwas, malah mah mang Asdi oge sukuna mani njorodtjod ha-jang lumpat henteu bisa, bulu pundukna muriding tina bakating ku sieun, gap njekelan ka den Hikmat anu harita ngahuleng.

„Den..... Djurigna pun pun bodjo tjeu tjeurik deeen....." Tjeuk mang Asdi mani haroshos.

„Sssttt Lain djurigna bibi eta mah mang Asdi Tapi maksud abdi ngadjebak eta djelema geus hasil Tah eta djalma anu ngabunuh bibi teh mang Asdi, ngan urang kudu ati² ”

„Ah ulah ngabubungah den, eta tetela pisan tjeurikna di djero kuburan.” Djawab Mang Asdi masih kenah tingpuringkak manehna mah.

„Keun engke mang ku abdi didongengkeun, ajeuna mah haju bae urang balik buru² sabab urang geus diriung ku djalma djahat.” Tjeuk Den Hikmat bari gantjang manehna ngaleos sarta dituturkeun ku mang Asdi.

Barang geus djauh ti dinja henteu kanjahoan deui gero aja nu ngagero sorana teh tarik pisan.

„Eureun heula euj!” Tjeuk eta djalma mani gede sorana teh kawas sora begal bae.

Reg den Hikmat djeung mang Asdi harita keneh ge eureun, gantjang maranehna malik ari breh teh aja djalma make djubah sarwa hideung, sarta teungeutna dikedok kawas nu sieun katjiri, bari ngabarkeun belati.

„Perhatian anu kadua nja? Manch anakna anu geus ngabinasa ka pamadjikan si Asdi anu dipikanjaah ku dewek! Indit deui siah ti Bandung, atawa asaan jeh belat aing.” Tjeuk eta djelema bari siet maledogkeun belatina, tjlleb manggang pisan kana lebah beuteungna den Hikmat atuh goak den Hikmat ngagero.

„Aduuh!” Tjenah sarta bru den Hikmat namburujuuh njekelan belati anu manggang kana beuteung, ka-

tjiri mani njungagang.

„Deeen!” Tjeuk mang Asdi hareugeueun, sarta nje-
kelan den Hikmat, ari anu djubah hideung ha ita keneh
ngaleos da mani sakilat pisan, kadjadian kituna teh.

„Mang Asdi..... Aduuuh maaang, tjing wartosan
djuragan Wibawa maaang Aduuuh..... ” Tjeuk
Den Hikmat humarurung.

„Den, lamun teu hariwang ku aden mah diberik tah
si kurang adjar teh!” Tjeuk mang Asdi timbul wawanen-
na, sarta neutep ka den Hikmat nu ngahujungkung,
bari pok neruskeun omonganana. „Disangkeh bae atuh
den ku abdi nja? Atanapi eta peso anu nantjeb teh urang
tjabut heula.”

„Mang Asdi, enggal mang menta bantuanana djura-
gan Wibawa, keun bae abdi mah didieu sorangan.....
Aduuuhh.” Tjeuk den Hikmat ngaharegung.

„Mangga atuh den, antosan didieu nja?” Tjeuk mang
Asdi bari ngalesotkeun den Hikmat, berebet manehna
lumpat ka bumina djuragan Wibawa bari tjeutjeuleuweu-
ngan.

„Gan! Tungan Gaaann!” Tjeuk mang Asdi renghap
randjug.

„Aja naon Asdi?” Tjeuk djuragan Wibawa djeung
Neng Lina mani bareng sanggeus mang Asdi datang teh.

„Den Hikmat aja nu maledog ku peso djuragan
Sarta pesona manggang, emh boa2 maot djuragan!”

„Dimana Asdi? Hajoh buru2 tulungan!” Tjeuk dju-

ragan Wibawa bari terus kalaluar rek muru anu tjilaka.

Barang daratang kadinja kasampak den Hikmat euweuh, ngan ukur aja tapakna getih anu utjrat atjret, a-tuh Neng Lina ngagoak tjeurik mani ngadingdiut, sarta ngarangkul ka rama kawas nu pondok harepan..... djeung njarita dumareuda.

„Apa, kamana den Hikmat teh? Emh boa² kawas ramana maotna teh Apaaaa.” Segruk Neng Lina tjeurik deui ngadingdiut..... Ku ramana diusapan bari teu lemek teu njarek sarerea tingharuleng

oooooooo (Hantjaeun) ooooooooo

Kumaha djadina Den Hikmat teh?

Ari anu nandasa saha? Kumaha ngaleungitkeunana djurig anu sok ngaganggu bae?

Antos medalna: „PAEH KAPAKSA” djilid ka IV.

Telah diperiksa dan disetujui untuk diedarkan

Idzin No 819. I / N B T / B N I / 69

KOMDAK VIII DJABAR „Langlang Buana”
